# НУР

6+

ISSN 0207-6551

3

2021



# Редакторым и псалъэ

«Нурым» и ныбжьэгъу цIыкIухэ! Мис, гъатхэщIэри щIэрэщIэжу къэсащ! Абы къытхуихь Махуэшхуэхэмкlэ дывохъуэхъу. Ди пщащэхэм гулъытэ нэхъ къыфхуещI мы къыдэкIыгъуэм. Фэ щэныфIэ, щIыкIафIэ, гурыхуэ, IэпэIэсэ фытхуэхъумэ, ар фIыгъуэшхуэкъэ фи нэхъыжьхэмкIэ?! А гъэсэныгъэм и хущхъуэгъуэхэр дэри къыдогъэсэбэп: фIым дыщотхъу, дихьэхар догъэгушхуэ, ехъулIэр догъэлъапIэ, щхьэзыфIэфIыр ауан дощI, гулъытэ зыхэмылъым хыдолъхьэ. Фи журнал цIыкIум апхуэдиз къалэн егъэзащIэ. Ар зэрыгушхуэн фыхъуну тхьэм жиIэ!

Мы къыдэкIыгъуэм хуокIуэ анэхэм, нанэхэм, пщащэхэм, анэдэлъхубзэм теухуа тхыгъэхэр, мы мазэм и Махуэшхуэхэм поджэжри. Адыгэбзэмкlэ диIэ егъэджакIуэфIхэм ящыщщ **МАХУЭЛI Беслъэн.** Гъатхэпэм зыдэзыщI абы и усэхэр иджы япэу тыдодзэ.



Сыту дахэ удз гъэгъахэр! –
Зэмыфэгъущ икIи зэкIужщ.
Сыту дахэ сэ си лъахэр! –
Лъахэу щыIэм ар я фIыжщ.
Сыту лъапIэ сэ си мамэр!-
Анэ IэплIэр си IутIыжщ.
Сыту гуапэ сэ си нанэр!
Нанэ зыщызмыгъэнщIыж.
Сыту лъэщ ди адыгэбзэр!
Срогушхуэ. Ар сысейщ!
Сыту Iущ къытщIэхъуэ щIэблэр!
Ар си дамэщ. Си пщэдейщ.
ФIыр ди плъапIэу, цIыхуу щыIэр
Мамыр гъащIэ дэ дыхуейщ.
КъыдэмыIэу Iейуэ щIыIэр,
Дызэкъуэтмэ – дыкъулейщ!

Дадэ сэ къысфIищри Гуащэ,
Нанэ дыщэ схуидащ фащэ.
Мамэ IэфIу дэ тхуопщафIэ,
Папи, дауи, сыкъегъафIэ.

Си дэлъху цIыкIухэр къыздоджэгу,
Доуэ пшынэ, дощIыр джэгу.
Гъатхэ дыгъэр къызоIусэ,
ФIыгъуэм си гур хуегъэусэ.



# Ермэлы* уэрэд

- Дыгъэр дэнэ щапIыр?
- Нанэ и гъуэлъыпIэм.
- Хэт и нанэр дыгъэм?
- Къащхъуэу уафэ бзыгъэр.
- Дыгъэм сыт тырапIэр?
- Пшэ щащыху нэхъ лъапIэр.
- Хэт тезыпIэр Iэбэу?
- Дадэ – акъужь щабэм.

# Мастэ нэ зэвым и уэрэд



Мастэ, мастэ, мастэ,
Мастэ, Iэпэ хэуэ!
Мастэ, мастэ назэ,
Си мастэ нэ зэв!
Нанэ укъегъафэ,
Сэ узогъэфий!
Жан и лъахъстэн вакъэр
Къауэ къыумыгъанэ,
Нанэ и меститIыр*
КъыумыгъэтIэпIыж,
Дадэ и джэдыгур
Зэгуумыгъэуд!
Хьэвэм ухэлъадэри-
Укъыхэсхыжащ,
Жэщым усIэпыхури-
Укъэзгъуэтыжащ.
Си шыпхъу цIыкIум уестри-
УсфIиубыдащ,
Ди гъунэгъум уестри
УсфIикъутэпащ.
А си мастэ, мастэ,
Сытыр си Iэмал?
Сэ си мастэ назэр
ДаIэ? Бетэмал...

* Ермэлы – армян лъэпкъ.
* Мест – фэ вакъэ щабэ.



# Дыщэр и Iэпэм къыпощ

Цlыху lэпэlэсэу дахагъэ къэзыгъэщlыфым хужаlэ: «И lэпэм дыщэр къыпощ», «Зэlусэм псэ хелъхьэ». Атlэ бзылъхугъэ цlыкlур lэпщlэлъапщlэрэ ар икlи lэпэ лъэщмэ-щэ, дыщэми, дыжьынми, гъуаплъэми, жэзми, нэгъуэщl гъущlхэкlхэми зыхуейр къыхищlыкlыфу, а ищlа пкlыгъэхэри мывэ лъапlэхэмкlэ игъэдэхэжу? Нэр игъэгуфlэу, псэр дихьэхыу гъущlыр лыду «зыгъэпсалъэм» сыт хужыпlэну?! «Дыщэр и lэпэм къыпощ» псалъэракъэ хуэкlуэр абы?! Апхуэдэ lэпщlэлъапщlэщ дэ фэдгъэцlыхунур. Ар сурэтыщl, дыщэкl Еутых Асящ. Кавказ Ищхъэрэм Ася и закъуэщ цlыхубз къамэ зыщlу исыр!



Таурыхъыр и lэпэгъуу, и анэшхуэ Къэдырхъан къыжриlэжу щыта псысэхэмрэ хъыбархэмрэ я дунейм щыхьэщlэу къэхъуа пщацэм ищlу хуожьэ зэрызагъэдахэ хьэпшып гъэщlэгъуэныщэхэр, кумбыгъэхэр, унэгъэдахэ цlыкlуфэкlухэр, стlолыщхьэм трагъэувэ фалъэхэр, сэ, къамэ телъыджэхэр. Сытым емылэжьми, Ася и пкlыгъэхэм адыгэпсэ яlутщ, блэкlам къыпхоплъ, къэкlуэнум хуоплъэ.

Еутыхым и лэжьыгъэхэр щагъэлъэгъуар езыр къыщалъхуа Адыгеймрэ ди къэралымрэ я закъуэкъым, атlэ нэгъуэщl къэрал куэдми: Германием, Венгрием, Болгарием, Бельгием. Ася и щхьэзакъуэ гъэлъагъуэхэр Тыркум и Анкара, Стамбул къалэхэм къыщызэlуихащ.



Еутыхым и лэжьыгъэхэр щахъумэ Мэзкуу дэт къэрал Эрмитажымрэ къалэм и Тхыдэ музеймрэ; Санкт-Петербург, Нью-Йорк, Лондон, Сингапур, Берлин, Токио я музейхэм, уней гъэтlылъыпlэхэм.

УФ-м и Президент Путин Владимир, Иорданием и пащтыхь Абдулла ЕтIуанэм, пащтыхьыкъуэ Али Бен Аль Хъуссейн, пащтыхьыпхъу Рим, ди дирижёр цIэрыIуэ Темыркъан Юрэ, нэгъуэщI цIыху цIэрыIуэ куэдым я хьэпшып гъэтIылъыгъэхэм хэлъщ Еутыхым и лэжьыгъэхэр.

Псом хуэмыдэу Ася иропагэ илъэс зыбжанэ ипэкIэ и IэрыкIхэр Эрмитажым зэрыщагъэлъэгъуам. Дауэ уримыпэгэнрэ абы и унафэщI Пиотровский Михаилрэ кинорежиссёр Сокъур Александррэ жаIа псалъэхэм: «Псэу щIыкIэ цIыхум и гъэлъэгъуэныгъэ Эрмитажым къыщызэIуахауэ зэи къэхъуакъым. Мыр япэщ! А лъапIэныгъэр, щIыхьыр Ася къилэжьащ.»

Телъыджэщ Мейкъуапэ паркым ит Уардэунэ – дыщэ гъэтIылъыпIэр. Къатищу зэтету, и лъабжьэм иджыри зы къаткIэ уехыу, а ухуэныгъэр Ася и IэкIэ зыхуей хуегъазэ, игукIэ егъэхуабэ, зэгуэр и псэм къыщыушауэ нэхуапIэ зыхуищIыж Iуэху дахэу. Псоми я гугъу мы тхыгъэ кIэщI цIыкIум щытхуэщIынкъым, ауэ... А унэм и дэкIуеипIэхэу нэр зыхьэхум псалъэ зы-тIу хужытIэнщ. Мывэ кIанэ къуэлэн цIыкIухэр зэрызэпах абджысэ иригъэщIри, абыкIэ мывэхэр зэгуихыурэ, зырызыххэу, дахащэу ахэр дэкIуеипIэм хигъэтIысхьащ.

Апхуэдэ телъыджагъэ куэд ирихьэлIащ Ася а Уардэунэм. Зыхуей дыдэм ар нигъэсауэ Тхьэм дигъэлъагъу, фэри апхуэдэ IэпщIэлъапщIэ цIыкIухэр тхьэм къыфхигъэкI, адыгэ псори дригушхуэн хуэдэу!

***ИСТЭПАН Залинэ***







Аброкъуэ Беллэ

# Лацэ-бэлацэ

## 1 Зегъэбацэ

Гъуджэм йоплъэ нэкӀуплъ Лацэ, зегъэцацэ, зегъэбацэ.

Бэхуцеищӏэм и кӏэдахъуэр цыкӏуэкӏыщхьэу докӏэрахъуэ, «хурсэ-хурсэ» ес ди Лацэ и щхьэцыпэхэр къобацэ, цы бырыбу къобэлацэ, цацэр гъуджэм йохъуцацэ:

## 2 «Мис ара!»

«Ин ухъуас, ухэхъуас,
Уи школ кӏуэгъуэри къэсас» –
Нанэ гуфӏэу къызжиӏас,
Мы си хьэбэр ба ищӏас!
– Нобэ япэу япэ классым
Лацэ макӏуэ, мис арас!
Лацэ ину, мис, хэхъуас,
Школым макӏуэри арас! –
Гъуджэм йоплъэ зигъэбацэу,
Къоплъыж гъуджэр – хьэбэ бацэу.

## 3 Зегъэцэрацэ

Щхьэцым лентӏ хужьыр хухащӏэ,
Ӏэм Ӏэпщэхъу плъыжьыр хуращӏэ,
Лацэ унэщӏэм хуопӏащӏэ,
Ӏупщӏэу къегъэпщ Ӏупэ пӏащӏэр.
Ар сэхусэплъ плъыжьым йощакӏуэ,
Ӏупэр хуалэну мэлъаӏуэ.

Мамэ и нэщхъыр ды-ды-ду,
Ӏэр игъэдалъэурэ шхыдэу
Ӏупэ ӀулыкӀыр имыдэу:
«Дыхур зыщыхуэ,– жи,– быдэу!»

## 4 МакӀуэ-мэлъей!

Мамэ тхылъылъэр зэрелъхьэ,
Нанэ гъуэмылэр ирелъхьэ,
Хьэлъэр плӏэ Ӏуэзм пщӏэхелъхьэ,
Гъэгъа Ӏэрами Ӏэщӏелъхьэ.
Пагэщ ди Лацэ, доплъей.
Школым ар макӏуэ-мэлъей!

## 5 Лацэ къоцыдж

Къэцыджа адакъэу – лъэбакъуэхъуу бакъуэу, пыджэ ажэ бжьакъуэу – и нэщхъ бацэр «дзакъэу», и нэхужьыбитӀыр бгъунжу къыщӀигъэплъу, и нэбжьыц цыпхыдзэм бзаджэу къыкӀэщӀэплъу, къикӀыжащ еджапӀэм нобэ – япэ махуэм – ди хъыджэбз гъэфӀари, мисыр къигъэхъуари:

И тхылъылъэр пӀэм иридзэщ, джэдум тхъытхъыу бжэм зыкъуидзэщ, щхьэцым лентӀыр къыхилъэфщ, тхылъхэр псори къыдилъэфщ, къэрэндащхэр зэбгридзщ, гъуджэм бзэгур къыхуридзщ, пӀэкум кууэ зридзэжщ, и ӀэблитӀыр зэридзэжри, – «Мамэ, нанэ!» – ину джащ, Лацэ цӀыкӀур къэцыджащ!



## 6 Нанэ и нэ гуапэр

Нанэ и нэр къодэхащІэ,
И ІупитІыр къоІущащэ:
– Уи нэщхъ цІыкІур щхьэ бэлацэ,
Си шыр цІыкІууэ КІурацэ?
Уи щхьэц дахэри щхьэ къуацэ?
Хэт къеуа мы си Цэрацэ?

Лацэ цІыкІур къоплъ, къогубжь,
Шыбжииплъу ар къобжьыбжь:
– Мами нани фыпцІыупсс,
Егъэджакlуэри фэщхьыпсс!
ЩІэзс фи школым нэжьгъущІыдзи,
Дзыгъуи, бадзи, дзакъэ бжьыдзи.
ШейтІан къом школ блынхэм хэсс,
Хьэхэр банэу классхэм щІэсс.

## 7 «Егъэджакlуэр псалъэрейс!»

Нанэ:
– Уи гур школым щхьэ егъга?
Сыту куэди дэплъэгъуа?
Егъэджакlуэр къогуэуа?
Уи классэгъухэм щыщ къоуа?

– Сэ седжэфІым, сэ сытхэфІым,
Егъэджакlуэм седэІуэфІым.
Е дыпсалъэу къытхуимыдэ,
ДыкъыщІэкІыуи имыдэ.
Езыр Іейуэ псэлъэрейс,
Абы жиІэм езыр хуейс,
Абы жиІэм хэт, зо, хуейр?!
Дыджэгуну дэ дыхуейс!
– Си псэ тІэкlур зей си Лацэ,
Уэ уеджэн хуейщ, си КІурацэ.

– Фэри фыкІуэ ффІэфІмэ, мес,
Егъэджакlуэри фыфейс.
Мо тхылъылъэр мамэ ейс,
Тхылъу дэлъыр уэ ууейс.
Фэ фыхуеймэ фыкІуэ, ауэ
Сэ фи школым сывмыгъакІуэ!

Нанэ кууэ гупсысащ,
И Іупитlыр пІэжьэжьащ,
ЩхьэфІэпхыкІым щІэтІэхъуащ,
Нэщхъ хуэмыщІу… гуфІэжащ.





- Школым щывгъэкІуа фи япэ махуэр сыт хуэдэт?
- «Лацэ-бэлацэ» щыфІэтщам фегупсыса?

Лацэ дауэ къыфщыхъуа? Фтхыи фи нэхъыжьхэм евгъэлъагъу, е мы псалъэхэм абы хуэвгъэфащэ хьэл-щэнхэр хэтмэ, щІэфтхъэ.

**(Іущщ, щхьэзыфІэфІщ, гушыІэрейщ, щэныфІэщ, гъэсащ, мыгъасэщ, гъэфІащ, щыкІащ, зыгъэгусэрейщ, дахэщ, губзыгъэщ, захуэщ, къуаншэщ).**

# Ди анэдэлъхубзэм и Махуэшхуэм ирихьэлIэу

Уэгур мыджэмыпцIэу, щIылъэр зэпцIагъащIэу, псалъэхэр зэмыпцIу, бзэхэр зэмыпцIауэ щыщыта пасэ лъэхъэнэм сыт щыIар? Макъхэрщ. Дунейм къыхэIукI макъхэр цIыхум зэхихырт, ахэр ещхьу игъэIурт, зыхуейр ириIуатэрт.

Макъ къэсыхукIэ езым и дуней цIыкIу иIэжт. *(Уэшхыр шхышхт, мывэр щхъыщхът, уафэр гъуагъуэт, благъуэр гъуахъуэт…)* Макъхэр псалъэурэ зэхыхьэ щыхъум бзэхэри къэунэхуащ.

**Ди анэдэлъхубзэр нэхъ пасэ дыдэу къэхъуу нобэ щыIэ бзэ куэдыр къызытехъукIыжахэм ящыщу къахутащ щIэныгъэлI куэдым. Абы илъэс 5000 и ныбжьу хуагъэфащэ.**

Къэхутакlуэ ДыщэкI Алими гу лъитащ ди адыгэбзэм къыхэкIа псалъэ куэд нэгъуэщIыбзэхэм зэрыхыхьам. Дауи, илъэс минитху и ныбжьщ! Алим и Iуэху еплъыкIэр тфIэгъэщIэгъуэн хъуауэ журналым щIытеддзэр фэри адыгэбзэ макъхэм фыхэгупсысыхьу фесэн папщIэщ. Адыгэбзэр зыхыхьа бзэхэм ящыщу фэрэ дэрэ къыдгурыIуэр урысыбзэращи, мис, а щапхъэхэр зэвгъапщэ:

АРШИН – Iэр шиин *(IэкIэ къапщу щытащ кIыхьагъыр).*
БАШНЯ – баш нэ *(жыжьаплъэ. Пхъэбгъу кIыхькIэ ящIа лъагапIэ).*
ГАВАНЬ – гъэувын.
ГАЗ – гъуэз.
ГОЛОС – гъо лъэIэс *(макъ дгъэIурщ зи гугъу ищIыр).*
КАПЛЯ – кIапэ лъей *(къыпыткIум и кIапэхэр мэлъей).*
КАРАВАН – кIэрывэн *(зэпыщIэн, зэкIэрыщIэн).*



**КАРАУЛ** – къэрэгъул, *(къезыгъэл хъумакlуэ).*

**ГУРТ** – гуартэ *(куэд хъу).*

**КОММУНА** – къом унэ.

**КОСА** – къэша *(lушэу къэгъэша).*

**КОЧЕРГА** – къашыргъэ *(къашыргъэпэу къэгъэша пэрылlэбэ).*

**КРОХА** – кlэрыхуа *(щыкъуей).*

**КУВАЛДА** – къу фlэлъ уадэ.

**ЛАВИНА** – лъэфын *(уэсыр жьым ишыхьурэ кърелъэфэх).*

**ЛАПА** – лъэ пэ.

**ЛАПОТЬ** – лъэ пыт.

**ЛЕНТА** – лантlэ.

**ЛОПАТА** – лъапэ тlы.

**ЛЫЖА** – лъэжэ.

**БАШМАК** – баш макъ *(пхъэ вакъэ).*

**ГИЕНА** – хьэ ин.

**ИСКРА** – ис кlуэр, хъуэскl *(исурэ мэкlуэд).*



***Адыгэбзэм и глаголхэр къызэрыщlидзэ хьэрфхэр урысыбзэм ейм евгъапщэурэ фыджэгу хъунущ. Зэщхь псалъэ куэд вгъуэтыну къытщохъу. (Щапхъэ: лъэтэн – летать; къэтlын – копать; пщын – ползать...)***





Сур. **Дыщэкl Алим**

## ЕгъэджакIуэхэм я гъэтIылъыгъэ



ЕгъэджакIуэфIхэм яхъумэ хабзэщ сабийхэм я тхыгъэ куэд. «Нурыр» абыхэм ехъуапсэурэ «Чэщей пхъэмбылъэ» рубрикэр къызэригъэпэщри, тхыгъэфI зыбжани фхуэзэхуихьэсащ. Ахэр зэкIэлъыкIуэу къытеддзэнущ. Япэ идгъэщыр ХьэтIохъущыкъуей щыщ сэлэт щIалэщIэ, Пермь дэт институтым ехъулIэныгъэ иIэу щеджэ **Дыкъынэ Олег** зэхилъхьа таурыхъырщ. Мыр щIалэм щитхам еплIанэ классым щеджэрт. Ар сакъыу зыхъумар сабийм и егъэджакIуэфIырщ – **ЖОЛДАЩ Ленэ.**

# Лэгъупыкъу лъагъуэ

Хъыджэбз цIыкIу гуэр бгъэдэст щхьэгъубжэм. Ар сыхьэт ныкъуэ хъуауэ кIэлъыплъырт уафэм щызекIуэ пшэ Iэрамэ хужьхэм зэрызахъуэжым, къызэракIухым. ФIэгъэщIэгъуэну здыкIэлъыплъым зы пшэ Iэрамэ мыин щхьэгъубжэм пэзанщIабзэ къэхъуащ. Адрейхэм елъытауэ а пшэ Iэрамэм и щытыкIэм тенэхъ псынщIэу зихъуэжырт. Ар зэм мыщэ хужьу мылым тетым иригъэщхьырт, зэм тхьэкIумэкIыхь цIыкIуитI зэбгъэдэту къыщыхъурт, зэми тхьэрыкъуэу къыфIэщIырт.

А пшэ Iэрамэм здыкIэлъыплъым телъыджэ къэхъуащ…

Уэшхи щымыIауэ абдеж лэгъупыкъу къыкъуэкIащ. Лэкъупыкъум и зы кIапэр хъыджэбз цIыкIум и щхьэгъубжащхьэм къытеуващ, адрей кIапэр ар апхуэдизрэ зыкIэлъыплъа пшэ Iэрамэм хуэзанщIэ хъуащ. Хъыджэбз цIыкIум фIэтелъыджэу а лэгъупыкъу лъэмыжым здеплъым пшэ Iэрамэр хъыджэбзу зэхэуващ. Еплъмэ – а хъыджэбз тхьэIухудыр къарокIуэ лэгъупыкъу лъэмыжым.

– Дауэ ущыт, Хьэлимэт?

– Тхьэм уигъ-гъэузынщэ, – жеIэ хъыджэбз цIыкIум, Iэнкуну.

– Илъэс куэд щIауэ сыноплъэ сэ мы дакъикъэм! Сэ уафэгум и пащтыхьым срипхъущ. Ди щIыпIэм щыпсэу цIыхухэр пшэ фIыщIэм иубыдащи, ахэр къедгъэлыну уэ сыкъыпхуагъэкIуащ.

– НтIэ, щхьэ сэ си деж укъэкIуа, сэ сыткIэ сыбдэIэпыкъуфыну?

– Пшэ фIыщIэхэр къыхокI цIыху Iейхэм я гупсысэ кIыфIхэм,

ауэ уэ абыхэм уащыщкъым. Сэ си лъагъуэм уи деж сыкъыщӀишар аращи, сынолъэӀу укъыддэӀэпыкъуну.

А тӀум я Ӏэр зэрыубыдри ежьащ. Пщэ хужь дахэхэм жыжьэ яхьащ ахэр. Иужьым, бгы лъагэ гуэрым деж къыщыувыӀахэщ. Пщэ фӀыцӀэхэр Ӏуву зэхыхьэщ, зы Лы шынагъуэ гуэр къэуври, дыхьэшхыу жиӀащ: «Адрей къэпщахэм яхуэмыщӀыжа есэпхэр мыр зи цӀыкӀуагъым хуэщӀын уи гугъэу ара уэ?» Абы жиӀахэм Хьэлимэт къагъэгубжьри къыжьэдэлъэтащ: «ЦӀыкӀущ, жыпӀэу утемыгушхуэ, инщ жыпӀэу ущымышынэ». Абдежым я егъэджакӀуэм къажриӀа, къаригъэщӀа псори и щхьэм къихьэжащ. Лы шынагъуэм и фӀэщ мыхъуу, есэпу хъуар ищӀыжри, ари кӀуэдыжащ, пщэ фӀыцӀэхэри текӀыжри дунейр нэху къэхъужащ.

– Хьэлимэт, фӀыгъуэр къыпхуищӀэ! – мэгуфӀэ хъыджэбз тхьэӀухудыр. Уэ уи гупсысэ дахэхэм, уи акъыл жаным, уи гум илъ фӀым я къарухэр зэхыхьэри, къыттралъхьа бэлыхьыр ттепхащ. Упсэу! ПщӀам и хьэтыркӀэ дэ дыхуейт уэ насыпыфӀэ дыдэ ухъуну. Нэхъ зэман гугъу ущрихьэлӀэм и деж мы бжесӀэнур уигу къэгъэкӀыж: «Уэшх нэужьым лэгъупыкъу къыщӀокӀыж, жэщым и ужь махуэ къокӀуэ, фӀыр сытым дежи Ӏейм токӀуэ». Аращи, уэ уи дахагъэм, уи гум илъ фӀым адрей цӀыхухэри фӀы ищӀу упсэунущ. Узыншэу ущыт!

Сэ пщэхэм сытесу сыкъахьыжри щхьэгъубжащхьэм и деж сыкъагъэтӀысыжащ. Езыхэри уафэгум ихьэжащ.



Уэщ|ым ди зэран емык|ыу. Дывгъэхъумэ

**Къущхьэ Джульянэ**



Жыгыр мэлъаIуэ: «СыпумыупщI!»
ЦIыхум зэхихкъым – мэзыр пеупщI.
Бзур мэгуIэжыр: «Абгъуэр фкъутащ.
Си бзу шыр цIыкIухэр фIэщIэкIуэдащ!».
ЩIылъэр мэщэIур: «Сыт мы къэхъуар?
ЦIыхум гущIэгъур щхьэ фIэкIуэда?»
Уафэр мэлъаIуэ: «ЦIыху, зыкъэщIэж!».
ЦIыхур мыдаIуэ, зыкъимыщIэж.

**Аброкъуэ Беллэ**

# Хъуэжэрэ жьэ мыгъуэрэ

Хэт и гугъэнт дыгъуасэ лъапцIэрышэ-зэраншууэ къуажэ уэрамым дэта Алихъан биолог цIэрыIуэ хъуну, ар къэрал псом къыщацIыхуну!

Алихъан къалащхьэм щопсэу. Ар къэкIуэжыху журналистхэр къызэхуосри, телевиденэ, радиокIэ ягъэпсалъэ. Абы иIуэтэж хъыбархэм ящыщ зы сигу къинэжащи, фхузотхыж.

***Журналистым:*** – КъэкIыгъэм ущыдахьэхар сыт ныбжьыра? Ар уи сабиигъуэм къыщежьа?

– Си адэшхуэр бжьахъуэу щытащ. Дэ тIум ди закъуэу бжьахъуэ пщыIэм дыщытесым нэхъ гуфIэгъуэшхуэ сиIэтэкъым сэ си сабиигъуэм. Си адэшхуэм имыцIыхуу зы къэкIыгъэ къыщыкI хъунтэкъым а дызыхэс мэзышхуэм. Удз хущхъуэхэмкIи Iэзэт.

– Уи адэшхуэра атIэ уэ биолог узэрыхъуар зи фIыщIэр?

– Дауи, аращ. Дадэ къысхуиIуэтэжырт адыгэм хуэдэу къэкIыгъэм пщIэ хуэзыщI лъэпкъ зэи зэрыримыхьэлIар. Мэз хъыбархэм сыщIигъэжеикIт. Псыхъуэмрэ мэзымрэ я гъунэгъуу адыгэ къуажэхэр щIэтIысыр пасэу къэсщIат, пхъашэ мэзым кIуэми, а гъэсыныпхъэр щраупщIэ щIыпIэм зрагъэужьыжу, мэз жыгхэм пхъэщхьэмыщхьэ къапыкIэн хуэдэу, къудамэ дагъакIэу зэрыщытар, абы я Iэмалхэр сигъэлъэгъуауэ сщIэрт.

– Таурыхъ къыпхуиIуэтэжрэт?

– Ауэ сытми! Таурыхъыр сэ тхылъкIэ зэрызджым хуэдэу зэи зэримыIуэтэжыр згъэщIагъуэрт, седауэрт. Абы е езым ей гуэр хилъхьэу игъэщIэрэщIэнт,е и кIэухым зыхуейр пигъэувэжынт. Сэ си хъыбарри жызигъэIэжынти, зэхуэтIуэтар си гум щигъэбыдэжу дытепсэлъыхьыжынт. Сыту куэд къысхилъхьа сэ ди адэшхуэм!

– Уи адэшхуэм и хъыбархэм ящыщ гуэр къытхуэпIуэтэжыфынт?

– НтIэ. Хъуэжэ фIыуэ илъагъурт ди адэшхуэм. Ар зэранщIакIуэ-хьэкIэпычу абы и мэз таурыхъхэм хэтащ. Псалъэм папщIэ, Хъуэжэрэ жьэ мыгъуэрэ я хъыбарыр сфIэфIт. АтIэ, дадэ и Хъуэжэр моуэ хуэтхакIуэ, хуэджэгуакIуэу зыгуэрт, и гур уэгум

етауэ усэу, тегупсысыкIырейуэ, IэпщIэлъэпщIагъэ лъэпкъ хэмылъу. Уадэ къищтэмэ, и Iэпхъуамбэм еуэжынт, ломыр Iэпыхунти и лъакъуэм техуэнт, гъущI Iунэр зыхуэмей щIыпIэм щыхиукIэнт. Ауэ сыт къыщыщIми, езым и зэрантэкъым,– къуаншэ къилъыхъуэнут, икIи къигъуэтынут.

– Еуэри, жеIэ, Хъуэжэ мэзым пхъашэ кIуащ. А тхьэмыщкIэжьым зыгуэр къыщымыщIу хъурэт. АтIэ, Хъуэжэуэ плъагъур жыг лъагэ гуэрым дэпщеяуэ пхъэхкIэ къудамэ пиупщIу тест, и дзапэ уэрэдыр мэзым хэз хъуауэ. Абы я гъунэгъу лIыри мэзым пхъашэ кIуати, уэрэдыр къыздиIукIымкIэ кIуэуэрэ Хъуэжэ къилъэгъуащ. Ар къэуIэбжьауэ къэувыIэщ, илъагъур и фIэщ мыхъуу и нэм щIэIуэтыхьщ, еплъыпэри, джащ:

– Е, уанэ махуэр тезылъхьэжын Хъуэжэ, пщIэр сыт? Узытес къудамэр щхьэ пыбупщIрэ? Ар къыгуэхумэ, уэри укъехуэхынущ, Iэгъу!

И уэрэдыр зэпегъэури Хъуэжэ абы хуогубжь:

– Ей, хьэжыгъэ щIыхуэкIэ япIа ХьэтIырэ - пащIэ тIей, уи унафэкIэ сыпсэурэ?! Сэ си Iуэху сэ сощIэж, уэри уи мыIуэху зумыхуэу уи гъуэгу ирикIуэ!

Гъунэгъум и дамэр дришейщ, щхьэр иригухри блэкIащ. Абы ицIыхужыртэкъэ Хъуэжэ. Хъуэжэ хъущIэну иригъэжьамэ, уигъэпудынут, пхуэмыфащэ къуипэсынут.

ЛIым лъэбакъуипщI ича хъунтэкъым Хъуэжэ и къудамэр, езыри зэрытесу, «баргъэщ» жэуэ, къыгуэхуу къыщехуэхам. И натIэр тритхъуауэ, и лъакъуэм тещIэжауэ, и джабэм удын игъуэтауэ ар къыщыпщыжщ, лIым и дежкIэ зигъазэри, и Iэр игъэдалъэу кIэлъыгуоуащ:

– ХьэтIырэу лъэужьеижьым уи жьэ мыгъуэжьыр къуууущIщ, мафIэ къыпIурихщ, мафIэсыр си пхъэхым лъэIусщ, къисщ, игъэгъуащэри, щигъэуащ. Пхъэхыу щыуам си къудамэр къыгуихщ, гуигъэхущ, сыкъехуэхри си джабэр гуихащ!

Гъунэгъум зыри жиIакъым. Абы ищIэжыртэкъэ къеплъэкI зэрымыхъунур.

Хъуэжэ абы еплъщ-еплъри, аргуэру гуоуащ:

Уэр мыхъуамэ, сыкъехуэхынутэкъым, зо-о!..

Мы хъыбарым дадэ дэрэ дридыхьэшхти абы Iэмал имыIэу упщIищ къызитырт.

* Хэтыт атIэ а тIум нэхъ жьэ мыгъуэр?
* Хъуэжэ и гъунэгъур ныбжьэгъут хьэмэрэ жагъуэгъут?
* Лъэужьеймрэ жьэ мыгъуэмрэ сыт я дагъуэ?



# ЦIЫКIУРАШ

**IэпэIэсэхэм я пащхьэ идолъхьэ**
**ЩIыхубзхэм я Махуэшхуэм**
**ирихьэлIэу ягъэхьэзыр хъун тыгъэ цIыкIу.**























***Къэдгъэсэбэпыр:*** Картон гъуэжь *(плъыжь, щIыху, удзыфэ)* 20×15 хъууэ; тхылъымпIэ тхьэмбылыфэ зэфэзэщ *(картоным елъытащ мыбы и фэр);* щыгъэ цIуугъэнэу 10; шхэпс-пистолет; лэныстэ; къэрэндащ; шхэпс; зи диаметрыр зэхуэмыдэ стэчанитI.

Картон гъуэжьым стэчанхэр тыдогъэувэ *(сур. 1),* къыдотхъыхь. Стэчанхэр я лъащIэхэмкIэ хъурейхэм идогъэувэ, къыдотхъыхь. Бжыгъэр екIуу къыхыдогъэж, и кур къыдогъэж *(сур. 2)*. 8-м и теувапIэри къыхыдогъэж *(сур. 3)*.

Стэчан цIыкIум и лъащIэм хуэдиз диаметр зиIэ хъуреиплI тхылъымпIэ тхьэмбылыфэм къыхыдогъэж *(сур. 4)*. А стэчан дыдэр доIубри къыдотхъыхь. Зыр нэхъ инщ, адрейхэр нэхъ цIыкIущ. Ахэр хъурейуэ къыдобзэкI *(нэщIэпкIэ щытыкIэ яIэу)*. И папцIапIэмкIэ къыщыдошыхь, шхэпс щытхуэурэ. Абыхэм розэ цIыкIуитху къыхыдощIыкI *(сур. 5)*.

Розэхэри щыгъэхэри шхэпс-пистолетымкIэ 8 бжыгъэм кIэрыдогъапщIэ *(сур. 6)*. 8-м и тегъэувапIэр дошыхьри шхэпс-пистолетымкIэ зэтыдогъапщIэ.

Хьэзырщ уи тыгъэ цIыкIур. АбыкIэ анэр е анэшхуэр бгъэгуфIэну сыт и уасэ!

Зыгъэхьэзырар ***БЕКЪАН Масирэтщ***



ХЬЭУД Самир,
илъэсий, Нартан



КЪУЛ Алинэ, 2-нэ класс,
Къэхъун, 1-нэ курыт еджапIэ



ДЫЩЭКI Элинэ,
илъэсих, Налшык



КУЛ Рустам, 2-нэ класс,
Къэхъун, 1-нэ курыт еджапIэ



ПЕТРОВ Руслан,
илъэсих, Мэзкуу




ЛЕЛЮКАЕВЭ Ясминэ,
илъэситху, Налшык



Уэшlгъэкъабзэ lуэху

# ГЪАТХЭПЭЕЖЬЭ

«ГЪАТХЭПЭЕЖЬЭ» фIащри Лэсчэн ЕтIуанэ иджыблагъэ щрагъэкIуэкIащ фащэ зэпеуэ. Абы хэтащ 5–11 классхэм щеджэ еджакIуэхэр. Зэпеуэм щагъэлъэгъуа фащэ 22-р ауэ къызэрыгуэкIтэкъым, атIэ дунейм и къабзагъэр хъумэн зэрыхуейм укъыхуезыджэт, сабийхэм я IэкIэ щIат, къызыхэщIыкIари щIым хуэмыгъэткIуу дунейр зыуфIей тхылъымпIэ, псыпс, пластик, кIэнфетыфэхэрт. Ахэр пхъэнкIийм хэбдзэкIи щIым хуэгъэткIуркъым, дунейр яуфIейуэ, псэущхьэхэм зэран яхуэхъуу, жыым зэрихьэу къонэ.

А зэпеуэр нэгузыужьу екIуэкIащ, еплъа псоми гъэсэныгъэ къызыхахынрэ ягу къинэжынрэ ялъэгъуащ.

Гъатхэпэежьэ а Iуэху щхьэпэм адрей ди еджапIэхэри дэплъеину дыщогугъ.


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
**№ 3 2021 г.**

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 02.03. 2021 г.
Выход в свет 25.03. 2021 г.
Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC,
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1195 экз.
Заказ № 554
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.